

Sereng, plim ak ponp ensilin

Ensilin pa ka pran tankou yon konprime. Ou dwe itilize yon piki, yon plim espesyal, oswa yon ponp ensilin pou pran ensilin nan kò ou. Genyen tou yon nouvo kalite ensilin ki ka rale (aspire).¹

Sereng ensilin



Yon piki se fason ki pi komen pou pran ensilin. Yo bay piki a nan itilize yon sereng. Yon sereng se yon tib plastik ki gen twou avèk yon piston anndan li ak yon ti egwi ki tache nan pwent li. Egwi yo vini nan plizyè dimansyon epi yo pi kout ak pi mens pase pifò egwi ou ka deja wè. Chak sereng ak egwi dwe itilize sèlman yon fwa.

Sereng yo vini nan plizyè dimansyon:*


Si ou pran 30 inite ensilin oswa mwens itilize...	Sereng 30 inite
Si ou pran 50 inite ensilin oswa mwens itilize...	Sereng 50 inite
Si ou pran 100 inite ensilin oswa mwens itilize...	Sereng 100 inite

*Asire ou kapab wè mak yo ki sou sereng ou a

Founisè swen sante ou a ka ede ou decide ki kalite sereng ki pi bon pou ou.

Enjeksyon an dwe bay sèlman anba po a:

- Nan pati ki gen grès nan bra siperyè ou
- Nan vant (lestomak)
- Nan janm siperyè (kwis)
- Nan bounda¹



Piki ensilin yo pa lakòz gwo doulè oswa malèz. Egwi yo ki itilize jodi a pi mens ak pi soup ke sa yo ki te itilize nan tan pase.

Plim ensilin



Plim ensilin yo sanble plim yo ekri yo men yo gen yon egwi nan pwent lan. Gen kèk plim ki ka ranpli avèk ensilin. Lòt plim yo dwe jete lè yo vid. Plim ki deja vini ranpli yo swa vini ak yon kalite ensilin oswa yon melanj de (2) lòt kalite ensilin. Plim yo rann li pi fasil pou itilize epi bay dòz ensilin kòrèk la.

Ponp ensilin



Yon ponp ensilin se yon ti aparèy ou pote sou kò a. Li bay ti kantite ensilin pandan jounen an. Ou ka genyen tou ponp lan ki bay plis ensilin tou depann de gwo sè repa oswa ti goute ou te manje. Ponp ensilin yo itilize pi souvan pou moun ki gen dyabèt tip 1.

Founisè swen sante ou a pral diskite plizyè fason ou ka pran ensilin epi pral ede decide ki fason ki pi bon pou ou.

1. American Diabetes Association. Standards of medical care in diabetes – 2019. Diabetes Care. 2019; Vol. 42 (Supp. 1): S91